

FICH KONSÈY : ESTRATEJI POU TRAVAY AVÈK MEDYA A

Massachusetts Center of Excellence on Problem Gambling Prevention

Nan lane 2018, 73 % moun majè nan peyi Etazini Damerik te patisipe nan plizyè kalite jwèt aza, kote anpil te gen konsekans finansyè, emosyonèl, e sosyal.¹ Alòske prevalans nan pwoblèm jwèt aza kontinye ogmante epi kantite eta ki legalize pari espòtif ogmante, gen plis enterè nan estrateji pou gen yon prevansyon epi yon entèvansyon. Medya yo konsakre depizanpli resous pou kouvri kesyon sa a, rekonèt enpòtans nan sansibilizasyon sou sa epi ofri soutyen bay moun e bay kominote ki afekte pa pwoblèm jwèt aza epi gen pwoblèm twoub jwèt aza.

Pou pati pa yo nan efò pou prevni pwoblèm jwèt aza, medya yo vle konprann pouki gen pwoblèm sa a nan kominote pa yo a, epi yo vle ofri moun k ap li, koute, epi wè solisyon pou ka rezoud pwoblèm sa yo ki kontinye ogmante. Pou jwenn enfòmasyon yo bezwen - sou tandans emèjan, konsekans twoublan oubyen jefò pou prevansyon aktyèlman - reprezantan medya yo souvan kase tèt sou chèf e praktisyen yo sou kesyon prevansyon.

Antan yon founisè sèvis prevansyon, li trèzenpòtan pou konprann kòman pou byen jere medya yo. Medya yo gendwa se patnè enpòtan nan efò ou yo pou prevansyon, kidonk se pou w toujou antreteni relasyon sa yo nan tout okazyon. Yon bon patisipasyon medya yo ede e asire ke efò prevansyon yo reprezante avèk presizyon e kominike granman. Move angajman gendwa fè gen konfizyon e move enfòmasyon, e petèt yon mank konfyans nan pwosesis prevansyon an.

Fich konsèy sa a pwopoze mezi prensipal ki pou konsidere anvan medya yo sonnen, nan moman yo sonnen, epi pandan antrevi a.

Anvan medya yo sonnenⁱⁱ

- ✓ **Identifye pòtpawòl ou a.** Konnen moun nan òganizasyon ou an—ki jeneralman se yon lidè oubyen yon ekspè nan yon domèn presi—ki ap moun ki pral reponn anpèsòn, nan telefòn, nan imèl, oubyen menm devan kamera pou kesyon medya yo poze. Ansuit, asire tout moun konnen kiyès moun sa ye.
- ✓ **Prepare.** Preparasyon enpòtan pou jere kesyon medya yo poze. Byennavan medya yo sonnen, se pou detèmine senk kesyon

Kesyon fasil, pi difisil, epi rèd

- **Fasil :** Ki kalite sèvis prevansyon ou founi bay kominote a?
- **Pi difisil :** Kisa paran yo kapab fè pou anpeche pitit yo jwe jwèt aza?
- **Rèd :** Pouki plis moun angaje nan pwoblèm jwèt aza a?

fasil, pi difisil, epi rèd ke y ap siman poze ou epi kòman ou pral reponn yo, epi se pou w pratike bay repons pou yo.

- ✓ **Etabli relasyon avèk medya yo depi kounyela.** Aprann konnen medya e jounalis nan kominote ou a ki kouvri istwa sou sa ki konsène pwoblèm nan jwèt aza. Prezante òganizasyon ou an kòm yon resous istwa anvan gen yon pwoblèm epi jounalis yo vle repons lamenn. Devlope epi soumèt lèt bay redaktè a epi aktif sou opinyon yon fason pou byen pozisyone òganizasyon ou an kòm yon ekspè nan domèn sa yo ; sa pral ede w gen yon vizibilite aktif nan medya sou travay prevansyon ou an.
- ✓ **Elabore yon politik medya.** Kreye yon gid detaye sou fason òganizasyon ou an reponn nan demann medya yo e kòman pou jere yo, epi fè moun konnen yo la! Nan kad politik ou a sou medya, endike ki manm pèsònèl ki ta dwe resewa epi evalye demann medya yo fè (pa egzanp, pòtpawòl la). Epi tou, presize ki kalite kesyon epi / oubyen sitiyasyon antrevi kote òganizasyon ou an gendwa refize angaje avèk medya a (pa egzanp, ekip anrejistremann film sou aktivite kliyan yo ki gendwa konpwomèt konfidansyalite kliyan an ; pa fè antrevi timoun epi jèn adilt). Mizanplas yon politik klè e transparan ap ede pesonèl la konnen kòman pou reyaji epi fè medya yo konnen kisa pou yo atann. Si ajans prevansyon ou an gen yon ajan finansye oubyen fè pati yon òganizasyon ki pi gran, asire pwòp politik ou yo konfòm ak politik òganizasyon paran an.

Lè medya yo sonnenⁱⁱⁱ

- ✓ Fè rechèch sou medya a e jounalis la anvan w dakò pou bay yon antrevi. Lè òganizasyon ou an resewa yon demann nan men medya yo, eseye aprann tout sa ki posib sou medya a e enfòmasyon sou jounalis la, enterè, e ang istwa a anvan w mete medya yo an kontak avèk pòtpawòl ou a pou yon antrevi. Men detwa kesyon pou konsidere :
 - Kisa ki fè medya a sonnen òganizasyon ou an?
 - Kisa medya a ta renmen konnen?
 - Ki sijè presi antrevi a ap kouvri?
 - Èske medya a dakò pou l pataje kesyon antrevi yo alavans?
 - Avèk kiyès medya a vle pale? Lidèchip? Lòt aksyonè?
 - Ki kote istwa a ap parèt?
 - Ki lè istwa a ap pibliye?
 - Ki lè dat limit istwa jounalis la?
 - Kòman antrevi a ap fèt - nan telefòn, imèl, oubyen an pèsòn?
 - Èske antrevi a ap anrejistre?
 - Konbyen tan antrevi a ap pran?



- ✓ **Evalye demann medya a.** Byenke li enpòtan pou reyaji lè medya yo rele, li enpòtan tou pou pran yon ti moman lè w resevwa demann lan pou w evalye sa ou konnen sou demann lan epi detèmine ki pi bon fason pou ou reponn . Sa ap pèmèt ou reponn yon fason reflechi e pral ede w evite di « pa gen kòmantè ».
- ✓ **Prepare pòtpawòl ou a.** Anvan pòtpawòl ou a rankontre avèk yon jounalis, prepare pòtpawòl la sou tout sa ou konnen sou medya a, demann medya a fè, pwen prensipal nan konvèsasyon an, epi kesyon e repons ki posib. Selon tip antrevi a, seyans preparasyon sa a gendwa pran ant 10 minit jiska inèdtan.

Pandan antrevi avèk medya a^{iv}

- ✓ **Rete sou mesaj.** Kèlkeswa sa jounalis la mande oubyen kòman li eseye pouse ou, se pou w kontwole antrevi a nan repete mesaj kle yo. Itilize tranzisyon tèlke « Vrè pwoblèm lan se », « e osibyen enpòtan », oubyen « kite m eksplike » pou w tounen sou pwen prensipal yo.
- ✓ **Referanse pi bon resous pou istwa a.** Òganizasyon ou an gendwa se pi bon sous pou istwa a - oubyen se lekotrè. Si òganizasyon ou an pa gen repons pou yon kesyon, oubyen li pa pi bon resous la, fè jounalis la konnen sa. Korije touswit tout move enfòmasyon pandan antrevi a oubyen touswit apre antrevi a.
- ✓ **Rekòmande lòt sijè pou antrevi a.** Yo gendwa ka founi kontèks siplemantè oubyen yon diferan pèspektif sou istwa a. Men, anvan w bay kowòdone yo, asire ou gen pèmasyon yo pou w fè sa, epi pataje tout enfòmasyon ou genyen sou medya a, jounalis la, epi sou demann lan. Sa ap ede asire ekspè ou a dispoze epi pare pou fè antrevi a.
- ✓ **Fòmile repons ou yo kòm « estrè sonò ».** Tout sa ou di oubyen ou ekri gendwa parèt nan yon atik, alò kenbe repons ou yo sou fòm estrè sonò : se pou w brèf, klè, e sèlman reponn sa yo mande. Èstrè sonò se yon pwodui ki soti nan medya nouvel nan televizyon e nan radyo, kote nouvel jounen an konprese nan ti segman kout ki melanje youn ak lòt pou bay yon apèsi brèf sou evènman jounen an. Jodiya, tout moun atann estrè sonò tout kote, soti nan atik jouk nan tweet,

Ide sou tranzisyon nan antrevi a

Tranzisyon se fraz fasil pou itilize pou tounen nan pwen prensipal konvèsasyon an :

- Vrèman pwoblèm lan se ...
- E osibyen enpòtan se...
- Kite m eksplike ...
- E egalman enpòtan ...
- Li enpòtan pou di spektatè ou yo (lektè, oditè) ...
- Ou konnen, m kwè li egalman enpòtan pou konnen ...
- Yo souvan mande m tou ...
- Pèmèt mwen ajoute ...
- Yon lòt kesyon yo poze m se ...
- Petèt nou neglije ...
- Yon preyokipasyon komen se ...
- Ou ka ale pi lwen ...
- Tèlke ...
- Mwen trè fyè m ka di w ...
- Pa egzanzp ...
- Kite m di w reyalyte yo ...
- Se pou w konnen tou ...

e pòtpawòl ki ki transmèt yon mesaj nan youn oubyen de fraz gen plis chans pou yo site li pase yon moun ki divage. Men kèk konsèy pou founi estrè sonò :

- *Evite egzajere.* Bay egzanp presi sou istwa reyisit oubyen etid sou ka ki pètinan.
- *Itilize analogi.* Plis gen bagay ki pètinan, plis li pi bon, an patikilye sou kesyon konplèks tankou prevansyon pwoblèm jwèt aza.
- *Itilize absolè lè w ou gen sètetid sou yo.* Journalis e redaktè renmen « pi bon », « premye a », « sèl la », e « pi gran an » men sèlman si w ka apiye afimasyon an avèk lefèt yo.
- *Lè sa posib, itilize pwopòsyon oubyen apwoksimasyon (pa egzanp, anviwon yon ka, apeprè yon milye).* Si yon journalis bezwen yon chif egzakt, l ap mande pou li. Se pou ou okouran—epi mansyone—sous done ou yo tou.
- *Site opozisyon ou an, sitou si yo dakò avèk ou.* Soutyen ou yo ap toujou avèk ou. Si enmi w dakò avèk ou, ou gen yon istwa.
- *Metè ladan pèspektif yon dezyèm moun.* Kite lektè a oubyen spektatè a konnen kisa k ap rive l. Eksplike kòman pwoblèm prevansyon an oubyen mesaj la touche lektè a oubyen spektatè a pèsònèlman.^v

ⁱ Estrè National Survey on Gambling Attitudes and Gambling Experiences, 2019.

ⁱⁱ Estrè nan yon fòmasyon pòtpawòl devlope pa Vanguard Communications, 2015.

ⁱⁱⁱ Ibid.

^{iv} Ibid.

^v Estrè nan yon fòmasyon sou narasyon ki pèsyade devlope pa Vanguard Communications, 2013.

